

Maladi Lyme

January 2015 | Page 1 of 3

Kisa maladi Lyme nan ye?

Koz maladi Lyme se bakteri (jèm) ki epapiye pa ti tik ki sot nan bich ki enfekte. Ni moun ni bèt ka pran maladi Lyme.

Ki Kote ka maladi Lyme nan rive?

Ozetazini, yo pi souvan jwenn maladi Lyme nan nan rejyon Nòdès ak mi-Atlantik ak nan zòn anwo nan mwayen oksidan. Nan Massachusetts, yo jwenn maladi Lyme nan nenpòt kote nan eta a.

Kijan maladi Lyme epapiyesimaye?

Maladi Lyme epapiye lè tik ki sot nan bich enfekte yo mòde moun. Dabitid tik la dwe kole sou yon moun pou piti 24 èdtan anvan l ka simaye jèm nan. Nan Massachusetts tik bich yo ka pote tou jèm yo ki lakoz babezyozis ak anaplasmozis granilositik imen (yo rele tou ehrlikyozis granilositik imen). Tik bich yo kapab simaye plis pase yon tip de jèm nan yon sèl kout dan.

Kilè m ka pran maladi Lyme nan?

Maladi Lyme nan ka rive nenpòt lè nan ane a. Se tik ki sot nan bich ki enfekte ki epapiye bakteri yo ki lakoz maladi Lyme nan. Jèn tik yo (nenf yo) pi aktif nan mwa li fè cho yo ant me ak jiyè. Tik granmoun yo pi aktif nan otòn ak prentan men yo ka soti deyò tou pou yo chache moun oswa bèt pou yo kole sou yo nenpòt lè nan ivè a lè tanperati a pi wo pase tanperati k fè glas.

Ki pi bonè sentòm maladi Lyme yo ap parèt apre yon kout dan tik?

Sentòm lè yon moun pral gen maladi Lyme, jan yo dekri anba a, dabitid kòmanse parèt ant 3 a 30 jou apre yon tik enfekte te mòde yon moun. Si yo pa trete yo, sentòm maladi Lyme ki la depi kèk tan ka parèt ant plizyè semèn a plizyè ane apre premye fwa moun nan te enfekte a.

Ki sentòm maladi Lyme nan?

Lè l fèk parèt (kèk jou a kèk semèn) : Sentòm ki pi komen ki premye parèt la se gratèl (eritèn migran) kote tik la kole a. Pi souvan, men se pa tout tan, li kòmanse kòm yon ti zòn wouj ki ap agrandi, epi mitan an vin klè, konsa l vin sanble ak yon dounòt. Sentòm ki sanble ak gwo grip la (flou) tankou lafyèv, maltèt, kou rèd, vyann kò a ak jwenti yo ap fè w mal, fatig ak glann anfle ka rive tou.

Menm si sentòm sa yo ka pase poukont yo, san okenn tretman medikal, kèk moun ap gen gratèl la ankò nan lòt pati nan kò yo, e anpil ka gen pwoblèm ki pi grav pase sa. **Tretman lè maladi fèk parèt ap prevni pwoblèm ki pi grav pita.**

Lè maladi a la depi kèk tan (plizyè semèn a plizyè ane): Si yo pa trete yo, moun ki gen maladi Lyme nan ka devlope sentòm maladi ki la depi lontan menm si yo pat janm gen gratèl. Jwenti yo, sistèm nève a ak kè se kote ki pi souvan afekte.



- Apeprè 60% moun ki gen maladi Lyme ki pa trete vin gen rimatis nan jenou yo, koud ak/oswa pwayè yo. Rimatis la ka deplase de jwenti a jwenti e l ka vin kwonik.
- Anpil moun ki pa jwenn tretman devlope pwoblèm nan sistèm nève yo. Pami pwoblèm sa yo ou jwenn menenjit (yon anflamasyon manbran yo ki kouvri sèvo a ak kòd epinyè a), feblès nan figi (paralizi Bell) oswa lòt pwoblèm ak nè yo ki nan tèt ak felblès oswa doulè (oswa toulede) nan men yo, bra yo, pye ak/oswa janm yo. Sentòm sa yo ka dire plizyè mwa, epi souvan yo ka kòmanse leje epi yo vin grav.
- Kè a ka afekte tou akòz maladi Lyme nan, lè l ralanti batman kè a ka fè moun dekonpoze. Efè sou kè a ka kòmanse bonè oswa pita.

Èske gen tretman pou maladi Lyme nan?

Yo ka trete moun yo dyagnostike ki gen maladi Lyme nan ak antibyotik. **Yon tretman rapid lè maladi a fèk parèt la ap prevni pwoblèm ki pi grav pita.**

Kisa m ka fè pou diminye chans pou m pran maladi Lyme nan oswa nenpòt lòt maladi tik?

Prevansyon an se ou ki pou kòmanse l! Pran mezi pou w diminye chans pou nenpòt tik mòde w. Tik yo pi aktif lè tanperati a cho, jeneralman nan finisman prentan jiska otòn. Men, tik yo ka soti deyò nenpòt lè lè tanperati a pi wo pase tanperati k fè glas. Tik yo kole sou fèy yo e yo an pi gran kantite nan kote ki gen anpil fèy bwa, pye bwa ak zèb. Ou pap jwenn yo nan plaj sab ki ouvè, men ou ka jwenn yo nan zòn kote pil sab kouvri ak zèb bò rivaj yo. Lè w deyò nan yon zòn kote k ka gen tik (pa egzanp kote ki gen anpil fèy bwa, pye bwa oswa zèb), pran desizyon senp sa yo pou w pwoteje tèt ou ak moun ou renmen yo:

Itilize yon pwodwi pou repouse moustik ki gen **DEET** (pwodwi chimik N-N-diethyl-meta-toluamide) oswa **permethrin** dapre enstriksyon yo bay sou etikèt pwodwi a. Yo pa dwe itilize pwodwi DEET yo sou timoun ki pako gen de mwa epi yo dwe itilize sa konsantrasyon se 30% oswa mwens sou timoun ki gen plis pase de mwa. Pwodwi Permethrin yo te fèt pou yo itilize yo sou bagay tankou rad, til kabann ak ekipman pou kan, e yo pa dwe mete yo sou po moun. Wap jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou w chwazi ak itilize an tout sekirite pwodwi pou repouse moustik nan Fèye sou Reyalite Lasante Piblik MDPH la ki pale de Pwodwi pou

Repouse Moustik nan www.mass.gov/dph/cdc/factsheets/factsheets.htm. Si w pa ka al nan entènèt, kontakte MDPH nan (617) 983-6800 pou yon kopi sou papye.

- Mete pantalon long ki gen koulè klè epi foure yo nan chosèt ou oswa bòt ou ak yon chemiz manch long. Sa ka difisil pou w fè lè tanperati a cho, men sa ap ede w elwaye tik yo de po w epi ap ede w wè tik ki sou rad ou pi vit.
- Rete nan chemen ki klè lè wap mache oswa lè w nan pwomnad, konsa pou w evite al nan limit zòn kote ki gen chans pou gen tik.
- Pale ak veterinè ou sou lòt chwa pou kontwole tik (kolye kont tik, pwodwi pou repouse moustik) pou bèt ou yo.



Èske w te konnen?

Ou pa bezwen se lè w pral nan pwomnad Cape Cod pou w enkyete de tik. Nan Massachusetts, tik ka mòde w nan pwòp lakou lakay ou. Gen anpil bagay ou ka fè nan pwòp lakou lakay ou ki ka mwens atire tik! Vizite sit entènèt MDPH sou Maladi Tik Bay nan www.mass.gov/dph/cdc/epii/lyme/lymehp.htm pou sijesyon.

Apres w fin pase tan nan yon zòn ki gen chans pou l gen tik, tcheke tèt ou, pitit ou ak bèt ou yo pou tik. Jenn tik yo, yo rele nenf yo, gen gwozè yon ti grenn semans flè. Tik granmoun ki sou bich yo gen gwozè yon ti grenn wowoli. Toude, nenf yo ak tik granmoun ki sou bich yo ka simaye bakteri ki lakoz maladi Lyme nan; men nenf yo plis enkyete nou. Yo agresif nan chache manje epi yo tèlman piti, li ka difisil pou w wè yo sou kò w, sofsi ou chache ak anpil atansyon. Lè wap tcheke pou w chache tik, sonje tik yo renmen kote ki cho ak mwazi. Toujou tcheke pa dèyè jenou w, anba bra w, lenn ou, po tèt ou, dèyè kou w ak dèyè zòrèy ou. Si w jwenn yon tik kole sou kò w retire l pi bonè w kapab ak yon pens ki gen pwent pwenti. Pa peze oswa tòdye tik ki sou kò a, men kenbe l kole sou po a epi rale dwat ak yon presyon fèm.

Konnen sentòm maladi Lyme nan jan yo eksplike sa nan feyè sou reyalite a. Si w tal yon kote ki gen chans pou gen tik epi ou devlope sentòm maladi Lyme nan, oswa nenpòt lòt maladi tik ka pote, al konsilte moun kap ba w swen lasante a imedyatman.

Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon?

- **Pou kesyon sou pwòp lasante w**, kontakte doktè w, enfimyè w oswa klinik lasante w la.
- **Pou kesyon sou maladi Lyme oswa maladi tik ka simaye**, kontakte MDPH nan (617) 983-6800 oswa rele gratis nan (888) 658-2850 oswa sou entènèt nan <http://www.mass.gov/dph>. Ou ka kontakte tou Biwo sante nan lokalite a (li liste nan anyè a anba “gouvènman”).

Pou kesyon sou pwodwi pou repouse tik, li Feyè sou Reyalite Lasante Piblik MDPH la ki pale sou Pwodwi pi Repouse Tik nan www.mass.gov/dph/cdc/factsheets/factsheets.htm. Si w pa ka al nan entènèt, ou ka mande pou yo voye kèk kopi sou papyè feyè sou reyalite MDPH lè w rele nimewo MDPH ki anwo a.

